## BAS MAQALA

# РАДИКАЛИЗМ, ЭКСТРЕМИЗМ ҲӘМ ТЕРРОРИЗМГЕ ҚАРСЫ ГҮРЕС СТРАТЕГИЯСЫ

**М.Сарыбаев** – *тарийх илимлериниң докторы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*
**М.А.Якубов –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
**С.Абаев –** *философия илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың «Жаңа Өзбекстан стратегиясы» атлы фундаментал китабында ҳәм ол тәрепинен тастыйықланған «2022-2026-жылларға мөлшерленген Жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы»нда радикализмге, экстремизмге ҳәм терроризмге қарсы гүрес ҳәзирги заманның ең актуал, глобал проблемаларының бири сыпатында қаралады. Бул туўралы Президентимиз былай деп жазады: «XXI әсирде глобалласыў процесслериниң жеделлесиўи ҳәм пүткил халықаралық мүнәсибетлер системасының түпкиликли өзгериўи, қәўипсизликке қәўиплер шегарасының кеңейиўи, атап айтқанда, экстремизм, радикализм ҳәм халықаралық терроризмниң күшейиўи усаған белгилер менен ажыралып турады.

Экстремизм саласындағы қәўиплер трансмиллий характерге ийе болып, ол өз қәўпиниң көлеми бойынша пүткил дүнья аўқамын тәшўишке салмақта. Бул тек жергиликли яки регионаллық машқала болып қалмай, пайда болыўы ҳәм раўажланыў айрықшалықлары, мақсет ҳәм ўазыйпалары, шөлкемлескенлик дүзилиси ҳәм искерлиги, психологиялық ҳәм жәмийетлик формалары тәрепинен глобал қубылысқа айланған». Китапта көрсетилиўинше, соңғы 10 жыл ишинде диний экстремизм ҳәм терроризмге себепли дүнья экономикасы 583 триллион АҚШ доллары муғдарында зыян көрди, 15 жыл ишинде 100 мыңнан аслам ҳешқандай гүнасы жоқ инсанлар терроршылық нәтийжесинде өлимге гириптар болды. Тек ғана бир 2019-жылдың өзинде зорлық, экстремизм ҳәм терроризмниң улыўма унамсыз глобал тәсири 14,1 триллон АҚШ доллары ямаса дүньялық жалпы ишки өнимниң 11,2 пайызын, экономикалық зыян – 33,19 миллианд АҚШ доллары муғдарында болды.

Усы жағдайдан келип шығып, дүньялық Аўқамның экстремистлик ағымларға қарсы гүрес бойынша ис-ҳәрекети күшейип бармақта. Радикализм, экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүресте БМШның орны айрықша. Ол қәлиплескен дәўирден баслап-ақ халықаралық Аўқамның дыққатын ҳәм ис-ҳәрекетин терроризмге қарсы гүреске ҳәм оны әмелге асырыў ушын зәрүр болған нормативхуқықый ҳүжжетлерди дөретиўге бағдарлап келмекте. БМШ Халықаралық терроризмге қарсы гүресиў бойынша бул мәселениң ҳәркыйлы тәреплерин өзинде сәўлелендирген Конвенция ҳәм Протоколларды қабыл етти. 2006-жылы БМШның Бас Ассамблеясының «Бирлескен Миллетлер Шөлкеминиң терроризмге қарсы глобал Стратегиясы» атлы резолюциясы қабыл етилди. Терроризм менен гүресиўде басқа да халықаралық ҳәм регионаллық шөлкемлердиң роли де әҳмийетли болмақта. Европада қәўипсизлик ҳәм бирге ислесиў шөлкеми (ЕҚБШ), Шанхай бирге ислесиў шөлкеми (ШБШ), Ғәрезсиз мәмлекетлер дослық аўқамы (ҒМДА) ҳәм басқалар да бул салада қарар, шәртнама ҳәм ҳәрекет режелерин белгилеген. Улыўма алғанда БМШ ҳәм басқа шөлкемлер 100 ден аслам ҳүжжетлер қабыл еткен.

БМШның Терроризм ҳәм оның ҳәрқандай көринислерине қарсы гүресиўге бағышланған барлық универсал халықаралық шәртнамалары Өзбекстан тәрепинен ратификация етилген.

Ҳәзирги заманда болып атырған террористлик жынаятлар тийкарынан динди жалаў етип, оннан сиясий мақсетлерде пайдаланыў арқалы әмелге асырылмақта. Терроршылар өзлериниң жынаятлы ислерин дин идеяларына тийкарланып ақлаўға, өзлерин адамзатты туўры жолға баслаўшы қаҳарманлар етип көрсетиўге ҳәрекет етпекте. Бул исте диний экстремизм ҳәм фундаментализм терроризм әмелиятының идеологиясы сыпатында жүзеге шықпақта.

Экстремизм сөзи латынша «экстремус» – аса кетиўшилик сөзинен алынған болып, ол оғада бир тәреплеме аса кеткен көзқарасларға берилгенликти аңлатады. Ол сол жәмийетлик дүзимде қабыл етилген социаллық-сиясий, ҳуқықый нормаларға қарсы келсе де, өзи алдына қойған ҳәдден тыс мақсетлерге барлық жоллар менен умтылыўшылықты билдиреди, экстремизм көбинесе сиясий, руўхый салаларда, сиясат жүргизиўде жүзеге шығады.

Диний экстремизм оғада аса кеткен фанатикалық жол менен өз динин ямаса диний сектасын нәсиятлаў, оны басқалардың санасына енгизиў ушын гүресиўден ибарат. Экстремизм барлық динлерге де тән қубылыс, бирақ XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басларында бул қубылыс ислам growth динидe айрықша көзге түспекте ҳәм олар ҳәр қыйлы қанлы ўақыяларға алып келмекте. Айырым мағлыўматларға қарағанда, ҳәзирги террористлик актлердиң 80 пайызы ислам байрағы менен әмелге аспақта.

Исламлық диний экстремизм Құраны Кәрим ҳәм Ҳәдислердиң тийкарғы принциплерине сай келмейтуғын, тийкарғы мәниси исламға қарсы келетуғын ағым. Исламда адам өлтириў, урлық етиў, басқыншылық, басқалардың ҳақын жеў, бузықшылық кескин қараланады. Ал, ҳәзирги экстремистлер бул принциплерди турпайы бузып атырғанлығына дүньялық ҳәм республикалық баспа сөзде көплеген дәлиллер келтирилмекте.

Терроризм – латынша сөз болып, «қорқыныш, қорқытыў» мәнислерин билдиреди, зорлықзомбылық етиў, күш жумсаў, ҳәтте адам өлтириў арқалы мақсетке ерисиў сыпатында түсиниледи.

Өзбекстан Республикасының «Терроризмге қарсы гүрес ҳаққында» Нызамында терроризм сиясий, диний, идеологиялық ҳәм басқа да мақсетлерге ерисиў ушын шахстың өмири, ден саўлығына қәўип туўғызыўшы, мал-мүлк ҳәм басқа да материаллық объектлердиң жоқ етилиў қәўпин келтирип шығарыўшы ҳәмде мәмлекетти, халықаралық шөлкемди, физикалық ҳәм юридикалық шахсты белгили бир ҳәрекетлерди әмелге асырыўға ямаса әмелге асырыўдан бас тартыўға мәжбүр етиўге, халықаралық қатнасықларды шийеленистириўге, мәмлекеттиң суверенитетин, аймақлық бир пүтинлигин бузыўға, қәўипсизлигине зыян тийгизиўге, қураллы конфликтлерди шығарыўды гөзлеп азғырыўшылық етиўге, халықты қорқытыўға, жәмийетлик-сиясий жағдайды турақсызландырыўға қаратылған, Өзбекстан Республикасының Жынаят Кодексинде жуўапкерлик нәзерде тутылған зорлық, зорлық ислетиў менен қорқытыў ямаса басқа жынаятлы қылмыслар деп баҳа берилген.

Дүньялық көлемде алғанда адамларды экстремизм ҳәм терроризмди әмелге асырыўшылар қатарына барыўға мәжбүрлеп турған жарлылық, саўатсызлық, жумыссызлық, жәмийеттеги машқала ҳәм келиспеўшиликлердиң узақ ўақыт шешилмей қалыўы, нызамсызлықтың ҳәўиж алыўы, инсан ҳуқықларын менсинбеслик, пуқаралардың жедел жәмийетлик-экономикалық турмыстан шетте қалыўы, миллий ҳәм диний себеплер бойынша кемситилиўи усаған иллетлер екенлиги көзге түспекте.

Китапта көрсетиўинше, радикал идеялар ҳәм кескин ҳәрекетлерге умтылыўшылық жаслар, сондай-ақ, социал қорғаўға мүтәж ең ҳәлсиз қатлам ўәкиллери ортасында жоқары болып қалмақта. Экстремистлик ҳәм террористлик шөлкемлер өз қатарларын толтырыўда муқаддес диний тәлийматты бузып көрсетиў менен бир қатарда, психологиялық ҳийлелерден де пайдаланылмақта. Сонлықтан да, гейде айрым руўхый жақтан турақсыз адамлар дин менен ҳешқандай байланысы болмаса да олардың дузағына илинип қалмақта. Радикал топарлардың бар болыўынан айырым мәмлекетлер ҳәм олардың жоқары дәрежедеги сиясатшылары мәптар екенлиги айқын болып қалмақта.

«Радикализм» термини мақсетке оғада кескин жоллар менен әмелге асырыў, арзыў-тилеклерди рейимсизлик, аяўсызлық, қатаңлық пенен жүзеге шығарыўды аңлатады.

Радикализм – терроризмге алып барыўшы соңғы басқыш. Радикалласыў, әсиресе, жаслар арасында болып турғанлығы айрықша тәшўишке себеп болмақта. Өйткени еле 30ға шықпаған жаслар дүнья халқының 2 миллиардтан асламын қурайды.

Ҳәзирги күнде экстремизм ҳәм терроризм халықаралық Аўқамға да, Орайлық Азия мәмлекетлери, соның ишинде Өзбекстанға да қәўип салыўын даўам етпекте. Бүгинги күнде жәмийетлик мәнаўий орталықты ҳәм халықтың турмыс шараятын жақсылаў, жасларды түрли диний экстремистлик ағымлардан асыраў мәселеси барлық мәмлекетлер ушын ең тийкарғы ўазыйпа болып турмақта. Регионымызда, сондай-ақ, мәмлекетимизде экстремистлик идеология тәрептарлары өз идеяларын түрли жоллар ҳәм усыллар менен, соның ишинде интернет системасы арқалы да киритиўге умтылмақта.

Бул туўралы терең ой-пикир жүргизип Журтбасшымыз былай дейди: **«…Бүгин қанша жаслар өтирик алдаўларға исенип, өз өмирин ўайран қылып атырғанлығын ойлап, расын айтқанда, түнлерди уйықламастан өткеремен. Өзиңиз айтың, бул ашшы ҳақыйқат бәршемиздиң жүрегимизге қанжар болып шаншылыўы керек емес пе?**

**Ақыр, кеше ғана бул жаслар өзимиздиң қара көзлер, биреўимиздиң аўылласымыз, биримиздиң улымыз, биримиздиң қызымыз яки жийенимиз еди ғой! Олар қашан алданды, қашан натуўры жолға кирип кетти?**

**Биз неге ғәплетте қалдық? Қашан, қай жерде қәтеге жол қойдық? Перзентлеримиз қашан өзгелердиң қолына түсип қалды? Не болды олар өз ата-анасы, өз журтының душпанына айланып қалды?**

**Бүгин бул жаўыз бәле-қәдениң алдын алмасақ бар күшимизди соған жумсамасақ, ертең кеш болады.**

**Журтымызда жасап атырған, шаңарағын, перзентлериниң ертеңги күнин ойлайтуғын ҳәр бир инсан, дин уламалары, жәмәәтшилик ўәкиллери бул я тиришилик, я өлим мәселесинен шетте турмаўы керек».**

Журтымыз ғәрезсизликке ерискеннен кейин дәслепки жыллардан баслап ҳүждан еркинлигин тәмийинлеўге, дин мәселесинде дүньялық, демократиялық мәмлекетлер стандартларына сай сиясат жүргизиў жолын таңладық. Атап айтқанда, муқаддес ислам динимизди, миллий қәдириятларымызды, Уллы әзиз-әўлийелеримиздиң мийрасын тиклеў, олардың естеликлерин абат қылыў бойынша көп ислер исленди, ҳәзирде оны даўам етип атырмыз. Әсиресе, соңғы жыллары Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың басшылығында үлкен реформалық ислерди әмелге асырдық. Мешит ҳәм медреселер, диний оқыў орынлары еркин ислеп турыпты, олардың иматлары қайтадан оңланды ҳәм реставрация қылынды. Журтымыздан жетилисип шыққан уллы улама ислам ойшылларының юбилейлери өткерилди. Имам ал-Бухарий, Имам ат-Термизий, Хожа Ахмед Яссаўйи, Баҳаўатдин Накшбанд, Шайх Нажмиддин Кубро, Имам Матуридий, Бурханаддин Марғинаний, Абдухалық Ғиждиваний, Хожа Ахрар Ўалий, Ҳәким-ата Сулайман Бақырғаный ҳәм тағы басқалардың мийрасы кеңнен изертленди ҳәм юбилейлери халықаралық көлемде өткерилди. Қураны Кәримниң өзбек ҳәм қарақалпақ тилине аўдармалары ҳәм атақлы уламалардың, христиан динине тийисли Библия ҳәм тағы басқа шығармаларының өзбек тилине аўдармасы басып шығарылды. Соңғы жыллары Өзбекстан ислам цивилизациясы халықаралық орайы, Халықаралық ислам академиясы, Бухарада Мир Араб жоқары медресеси, Термизде Имам ат-Термизий илимий изертлеў орайы, Самарқандта Имам ал-Бухарий халықаралық илимий изертлеў орайы, Ҳәдис илими мектеби ҳәм де Калам ҳәм Ҳәдис, Бухарада тәсәўўиф, Қашқадәрьяда ақида, Ферғанада фиқҳ илимий мектеплери шөлкемлестирилди.

Диний-мәрипий саладағы реформалар дүньялық көлемде жоқары баҳаланбақта. Атап айтқанда, 167 мәмлекет ортасында турақлылықты тәмийинлеў, урыслар, қарсылықлар, терроризм ҳәм жынаятшылықтың алдын алыўға қаратылған ҳәрекетлердиң нәтийжелилигин баҳалаў бойынша өткерилген рейтингте Өзбекстан 52-орынға көтерилип ҒМДА мәмлекетлер арасында 1-орынды ийеледи.

Өткен жыллар даўамында мәмлекетимизде экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрес саласындағы сиясаттың ҳуқықый тийкарлары ислеп шығылды. Атап айтқанда, 2000-жылда Өзбекстан Республикасының «Терроризмге қарсы гүресиў ҳаққында», 2018-жылы «Экстремизмге қарсы гүресиў ҳаққында», 2019-жылы «Жынаятлы искерликтен алынған дәраматларды легалластырыў, терроризмди ҳәм ғалаба қырғын қуралларын тарқатыўды қаржыландырыўға қарсы гүресиў ҳаққында», 2021-жылда жаңа редакциядағы «Ҳүждан еркинлиги ҳәм диний шөлкемлер ҳаққында»ғы Нызамлары қабыл етилди. Бул ҳәм басқа да нызамларда миллий мәпимиз есапқа алынған түрде БМШның терроризмге қарсы гүрес бойынша конвенцияларының қағыйдалары имплементация қылынған.

Мәмлекетимизде ҳәзирги күнде «Ҳәрекетлер стратегиясынан – раўажланыў стратегиясына қарай» принципи негизинде реформаларды даўам еттириў процессинде радикализм, экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрести жаңа басқышқа көтериў, оның нәтийжелилигин арттырыў бойынша ўазыйпалар айқын белгиленген.

Президентимиз 2022-жыл 28-январьдағы Пәрманы менен тастыйықланған «2022-2026-жылларға мөлшерленген Жаңа Өзбекстанның раўажланыў стратегиясы»ның «Экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрестиң нәтийжели механизмлерин қәлиплестириў» деп аталған 87-мақсетинде пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге имкан бериўши экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүрес бойынша нәтийжели мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў; экстремизм ҳәм терроризмди келтирип шығарыўшы факторлардың алдын алыўға қаратылған превектив механизмлерди жетилистириўши жәмийетлик - мәнаўий орталықты жақсылаў, жат идеялар тәсириниң алдын алыў ҳәм олардың тәсирине түсип қалғанлар менен системалы ислесиў арқалы олардың машқалаларын шешиў; адамлар, әсиресе, жас әўладта терроризм ҳәм экстремизм идеологиясына қарсы қатаң ҳәм турақлы иммунитетти қәлиплестириў усаған 10 пункттен ибарат бул саладағы ең әҳмийетли ўазыйпаларды әмелге асырыў белгиленген.

XXI әсирдиң ең қәўипли кесели болған терроризмге барлық мәмлекетлердиң, халықаралық ҳәм регионаллық шөлкемлердиң мүмкиншилигин бирлестирип ғана гүресиў ҳәм жеңиў мүмкин. Терроризмге қарсы гүресиў ҳәзирги цивилизациядан оған қарсы бар болған барлық сиясий, экономикалық, социаллық, финанслық ҳәм гуманитарлық, әсиресе, мәнаўий-мәрипий характердеги мүмкиншиликлерди толық пайдаланыўды талап етпекте. Өйткени, эктремизм, радикализмди ҳәм терроризмди тек ғана әскерий қураллар жәрдеми менен ҳәм ҳуқық қорғаў тараўының күши менен жеңип болмайды.

Президентимиздиң айрықша атап көрсеткениндей **«Экстремизм ҳәм терроризмниң қәўпине қарсы гүресиў Өзбекстан Республикасы ушын биринши дәрежели ўазыйпалардын бири болып, регион мәмлекетлери ҳәм халықаралық Аўқамның ис-ҳәрекетлерин бирлестириўди талап етеди».**

Китапта экстремизм ҳәм терроризмге қарсы гүресте халықаралық ҳәм регионаллық бирге ислесиў мәселелерин белгилеўши ең әҳмийетли сегиз пункттен ибарат үстинликке ийе ўазыйпалар көрсетилип берилген. Олардың ишинде, дүнья аўқамын ҳәм регионаллық мәмлекетлер итибары Аўғанстанда тынышлық ҳәм татыўлықты тәмийинлеўге байланыслы илажларды әмелге асырыўға қаратылған. Өз гезегинде, Өзбекстан Аўғанстанға гуманитар жәрдем көрсетпекте, экономикасын қайта тиклеўге жәрдемлеспекте.

Өзбекстанның басқа, биринши гезекте регионымыздағы мәмлекетлер менен бирге ислесиўинде 2022-жыл 3-4-мартта Ташкентте болған **«БМШның Глобаллық антитеррор стратегиясын әмелге асырыў бойынша Қоспа ҳәрекетлер режеси шеңберинде Орайлық Азия мәмлекетлериниң регионаллық бирге ислесиўи»** Халықаралық конференция материаллары ҳәм конференция қатнасыўшыларына Президентимиз Шавкат Мирзиёевтың Мүрәжаатында ортаға қойылған усынаслар оғада үлкен әҳмийетке ийе болып табылады.

Мақаламызды Президентимиз сөзи менен жуўмақлайтуғын болсақ, бизиң тийкарғы мақсетимиз Өзбекстан Республикасының Конституциялық дүзимин қорғаў, миллий қәўипсизлик, сондай-ақ, пуқаралардың бул саладағы ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеўге имкан беретуғын экстремизм, радикализм ҳәм терроризмге қарсы гүресиў бойынша нәтийжели мәмлекет сиясатын әмелге асырыўдан ибарат болып қалабереди.

Бул әдиўли мақсетлерди әмелге асырыўға өз үлесимизди қосыў бәршемиздиң елимиз, халқымыз, келешек әўладымыз алдындағы ўазыйпамыз, пуқаралық миннетимиз.